

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar ngeunaan desain panalungtikan, data jeung sumber data, téhnik panalungtikan, jeung analisis data. Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode déskriptif-analisis anu mangrupa salah sahiji méthode dina panalungtikan kualitatif. Bodgan jeung Taylor (dina Basrowi jeung Suwandi, 2008, kc. 21) nétélakeun yén méthodologi kualitatif mangrupa prosédur panalungtikan anu ngahasilkeun data tinulis atawa lisan.


Méthode déskriptif-analisis nya éta méthode nu ngagambarkeun tur méré pamahaman ngeunaan fakta-fakta nu nyampak dina objék panalungtikan (Ratna dina Khairillah, 2012, kc. 46). Méthode panalungtikan minangka léngkah pikeun ngahontal udagan tina hasil panalungtikan. Ku kituna, ieu méthode dipaké pikeun ngadéskripsikeun *Wawacan Juag Tati* sangkan kapaluruh eusi wawacanna, struktur caritana, jeung ajén atikanna dumasar kana ulikan étnopédagogik.

3.1. Desain Panalungtikan

Nurutkeun Martono (2011, kc.141) desain panalungtikan mangrupa komponén anu digunakeun ku panalungtik dina ngalaksanakeun prosés panalungtikan. Ieu prosés mangrupa tahap awal jeung tahap anu penting dina prosés panalungtikan. Ku kituna, desain panalungtikan mangrupa gambaran umum panalungtikan nu dilaksanakeun.

Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 61) aya sababaraha léngkah panalungtikan, nya éta (1) milih masalah, (2) studi pendahuluan, (3) ngarumuskeun masalah, (4) ngarumuskeun anggapan dasar, hipotesis, (5) milih pamarekan, (6) nangtukeun variabel jeung sumber data, (7) nangtukeun jeung nyusun instrumén, (8) ngumpulkeun data, (9) analisis data, (10) nyieun kacindekan, (11) nyieun laporan. Sangkan leuwih jéntré, léngkah-léngkah panalungtikan dibagankeun saperti ieu di handap.

Bagan. 3.1
Desain Panalungtikan



3.2. Data jeung Sumber Data

Sumber data nya éta subjek/jejer data anu bisa dikumpulkeun. Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 172), sumber data dina panalungtikan nya éta subjek data anu dicangking. Lofland jeung Lofland (dina Basrowi jeung Suwandi, 2008, kc. 169) nétélakeun yén:

“sumber data utama dalam penelitian kualitatif ialah kata-kata dan tindakan selebihnya adalah data tambahan seperti dokumen dan lain-lain. Berkaitan dengan hal itu, pada bagian ini jenis data dibagi ke dalam kata-kata, tindakan, sumber data tertulis, foto, dan statistik.”

Ku kituna, dumasar kana pamadegan di luhur bisa dicindekkeun yén sumber data mangrupa subjek data anu dicangking, saperti dokumén, sumber data tinulis, foto, jeung statistik.

Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta *Wawacan Juag Tati*. *Wawacan Juag Tati* mangrupa koléksi Pabukon Departemén Pendidikan Bahasa Daérah. Ieu wawacan karangan Bapa Mami. Dipedalkeun ku Balai Pustaka taun 1923. Ku sabab ieu wawacan geus medal, aksara nu dipaké nya éta aksara Latén jeung ngagunakeun basa Sunda. Kandelna 45 kaca, pupuh anu digunakeunna aya lima nya éta pupuh asmarandana, dangdanggula, kinanti, pangkur, jeung sinom.

3.3. Téhnik Panalungtikan

3.3.1 Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 265), nyusun instrumén mangrupa hal anu penting dina panalungtikan. Tapi, ngumpulkeun data leuwih penting. Ku kituna, nyusun instrumén jeung ngumpulkeun data kudu bener dilaksanakeunana, sangkan hasilna saluyu jeung udagan anu dihontal.

Nurutkeun Khairillah (2012, kc. 48), instrumén panalungtikan nya éta alat anu digunakeun pikeun ngumpulkeun, ngolah, jeung ngainterprétasi sagala informasi anu ditarima.

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan, katitén dina tabél ieu di handap.

- 1) Tabél analisis pupuh anu digunakeun dina *Wawacan Juag Tati*, digunakeun pikeun maluruh jumlah pupuh jeung pada dina unggal kanto.

Tabél 3.1
Analisis Pupuh dina Wawacan Juag Tati

No	Ngaran Pupuh	Jumlah Pada	Guru Wilangan	Guru lagu
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)

- 2) Tabél analisis ajén atikan dumasar kana ulikan étnopédagogik dina *Wawacan Juag Tati*.

Tabél 3.2
Analisis Ajén Atikan dina Wawacan Juag Tati

No	Indikator (Ajén atikan)	Pada ka-	Cutatan Pada/Padalisan	Sipat Ajén Atikan	
				(+)	(-)
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)

3.3.2 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik panalungtikan nya éta salah sahiji cara anu digunakeun pikeun ngahontal tujuan dina ieu panalungtikan. Téhnik ngumpulkeun data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta studi pustaka. Téhnik studi pustaka mangrupa kagiatan niténan, nalaah, jeung ngaidéntifikasi pangaweruh.

Dina ieu panalungtikan, studi pustaka digunakeun pikeun néangan data jeung informasi anu aya patalina jeung dasar-dasar tiori ngeunaan struktur karya sastra, jeung étnopédagogik.

3.4 Analisis Data

Data anu geus kakumpulkeun tina hasil ngumpulkeun data, kudu langsung digarap ku panalungtik (Arikunto, 2013, kc. 278). Nurutkeun Martono (2011, kc. 143) analisis data mangrupa prosés ngolah data, interpretasi, jeung analisis data tina hasil panalungtikan. Tujuanna sangkan data miboga ma'na sarta nu maca bisa nyaho kana hasil panalungtikan.

3.4.1 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik analisis téks. Ari léngkah-léngkahna nya éta:

- 1) Ngaidéntifikasi *Wawacan Juag Tati*;
- 2) Maca buku *Wawacan Juag Tati*;
- 3) Nganalisis struktur carita *Wawacan Juag Tati*;
- 4) Nganalisis ajén atikan dumasar kana ulikan étnopédagogik dina *Wawacan Juag Tati*;
- 5) Nyieun kacindekan tina data anu geus diolah.